

Kisa k ap pase nan lekò leta NYC

[عرض هذه الوثيقة باللغة العربية](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#) /

[查看本文件的中文版](#) / [Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl](#)

[ayisyen](#) / [이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#) /

[Перевод документа на русский язык](#) / [یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#)

schools.nyc.gov/messagesforfamilies

Semèn 13-17 septanm 2021

Nou te trè kontan akeyi elèv yo tounen nan salklas yo - ak nan aprantisajan anpèsòn —semèn sa a! Se te yon retou kè kontan kote elèv, pwofesè, estaf lekòl yo, ak fanmi yo rekonekte nan lekòl nan tout vil la. Nou fyè dèske n ap sèvi elèv nou yo ankò nan salklas ki an sekirite, ki an sante, ki bay sipò kote yo ka grandi sou plan sosyal, emosyonèl, ak akademik. Tanpri ale sou sitwèb nou an pou enfòmasyon ki pi ajou sou ane lekòl istorik 2021-22 a: schools.nyc.gov/homecoming

Kontni:

- [Fòm enpòtan](#)
- [Vaksinasyon ak tès COVID-19](#)
- [Pwotokòl karantèn kont COVID-19 ak enstriksyon adistans](#)
- [Chèche èd](#)

Fòm enpòtan

Zouti evalyasyon sante (Health Screening) sou entènèt

Avan ou antre nan bilding lekòl yo chak jou, chak elèv ak manm estaf dwe ranpli Fòm evalyasyon sante a pou konfime ke yo pa gen okenn sentòm COVID-19, yo pa fèk teste pozitif, epi yo pa oblije kounye a ankarantèn poutèt yo te gen kontak sere avèk yon moun ki enfekte.

Nou rekòmande pou mete (bookmarking) healthscreening.schools.nyc nan aparèy ou pou kapab ranpli fòm lan byen fasil ak byen rapid avan w voye pitit ou a lekòl chak jou.

Voye yon Fòm konsantman ki ajou pou pitit ou a fè tès

Pou pitit ou a ka patisipe nan pwogram tès COVID nan lekòl la, ou **dwe remèt yon fòm konsantman tès ki ajou** nan lekòl ou a.

- Ou ka ranpli fòm lan nan kont lekòl NYC (NYCSA) ou a: schoolsaccount.nyc.
- Download fòm lan sou entènèt nan schools.nyc.gov/covidtesting.

Rete konekte avèk Kont Lekòl Vil Nouyòk

Rete okouran pou anons enpòtan DOE, ladan lè lekòl ap fèmen, mizajou règleman ak aktivite k ap fèt nan distri w la oswa nan tout vil la! Gen yon nouvo fason pou ou rete konekte avèk edikasyon elèv ou a ak plis ankò nan nouvo Pòtal Kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA) la.

Antre nan kont lan yon fwa (sign-in) ap pèmèt ou:

- Gade nòt, tè, nòt egzamen elèv ou a ak plis lòt bagay
- Pran kou nan Parent University
- Jwenn aksè nan fòm pou pitit ou a
- Rekreye modpas kont pitit ou a

Jwenn plis enfòmasyon nan: schools.nyc.gov/nycsa

Vaksinasyon ak tè COVID-19

Vaksinasyon

Vaksinasyon se etap ki pi enpòtan ou ka pran pou pwoteje oumenm ak fanmi ou kont COVID-19, epi tout moun ki abite Nouyòk ki gen laj 12 ane pou pi piti elijib kounye a pou resevwa vaksen COVID-19 la. Si ou gen yon timoun ki gen omwen laj 12 ane epi li poko pran tout dòz vaksen li, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (DOHMH) ak DOE ankouraje w seryezman pou pran yon randevou vaksinasyon pou li pi vit posib lè w ale nan vaccinefinder.nyc.gov. Pou enfòmasyon DOE ki ajou sou vaksinasyon, ale nan schools.nyc.gov/covid19.

Elèv ki gen laj 12 ane ak pi gran k ap patisipe nan espò apre lekòl ak lòt aktivite anplis ki pa nan pwogram akademik la ki gen anpil risk oblije pran vaksen pou yo ka patisipe nan aktivite sa yo pandan ane lekòl 2021-22 a. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nou an:

schools.nyc.gov/2021health

Rapèl pou règleman pou vizitè lekòl: Tout vizitè ki gen laj 12 ane oswa plis dwe montre prèv omwen yon dòz vaksen COVID-19 pou antre nan yon bilding lekòl. Vizitè pa vle di elèv ki ale lekòl nan yon bilding DOE.

Pòtal Vaksinasyon Depatman Edikasyon (DOE)

Avèk enfòmasyon elèv ou a, ou ka upload yon foto kat vaksinasyon w lan oswa NYC Excelsior Pass nan Pòtal vaksinasyon DOE a nan vaccine.schools.nyc. Lè w bay enfòmasyon sa a, sa pral ede repons ak efò rekipasyon Vil Nouyòk pote nan pandemi an, ede asire kominote lekòl nou yo rete san danje pou tout elèv.

Tès COVID-19 nan lekòl

Pou kontinye mezi sekirite nou te kòmanse nan ane lekòl avan an, n ap fè tè regilye COVID pou elèv klas 1ye jiska 12yèm ane ki pa vaksine. Nan fason sa a, nou ka pran aksyon tousuit pou pwoteje kominote lekòl la si gen yon ka pozitif. Pou pitit ou a ka patisipe nan pwogram tè nan lekòl la, ou **dwe remèt yon fòm konsantman tè ki ajou** pou pitit ou a nan lekòl ou a. Ou ka ranpli fòm lan nan Kont Lekòl NYCSA (schoolsaccount.nyc) ou a oswa download fòm lan sou entènèt nan schools.nyc.gov/covidtesting.

Pwotokòl karantèn kont COVID-19 ak enstriksyon adistans

Si gen yon ka COVID-19 pozitif nan lekòl pitit ou a

Nou konnen kijan li enpòtan pou kenbe lekòl nou yo ak salklas yo ouvri pou aprantisaj, epi nou pran angajman pou asire sante ak sekirite nan kominote lekòl nou yo ak diminye deranjman nan edikasyon pitit ou a. Gen dwa gen kèk lè yo mande pitit ou a pou ale nan karantèn akòz li te ekspozè avèk COVID-19. Si gen yon ka pozitif nan yon salklas:

- **Lekòl primè:** si yo mande tout elèv nan klas la pou ale nan karantèn, yo pral resevwa enstriksyon adistans pandan y ap an karantèn lan (*al gade plis enfòmasyon nan seksyon "Enstriksyon adistans" pi ba a*).
- **Lekòl presegondè ak segondè:** elèv ki gen laj 12 ane ak plis, ki vaksinen, epi:
 - **pa prezante sentòm** pral kontinye ale lekòl anpèsòn. Yo ankouraje elèv sa yo pran yon tès COVID-19, twa a senk jou apre yo te ekspozè a.
 - **montre sentòm** - y ap mande yo pou ale nan karantèn pou 10 jou kalandriye. Elèv sa yo ap gen aksè nan aprantisaj adistans pandan yo nan karantèn.
 - **Elèv ki pa vaksinen** - y ap mande yo pou ale nan karantèn pou 10 jou epi yo pral kontinye aprantisaj yo adistans. Nan 5yèm jou karantèn lan, elèv ka pran yon tès COVID-19, epi si rezilta a negatif, yo ka retounen nan lekòl la anpèsòn apre 7yèm jou a.

Lekòl ap fèmen sèlman lè DOHMH detèmine transmisyon an gaye nan lekòl la. Avèk mezi sante ak sekirite an plas, nou espere nou p ap gen pou fèmen lekòl anpil.

Aprantisaj adistans

Nan ka fèmti yon lekòl oswa yon salklas ann ijans, kit se akòz ijans sante oswa ijans ki gen rapò avèk move tan (pa egzanp ka pozitif COVID-19, oswa yon jou nèt), klas yo ap pase nan aprantisaj adistans pou yon peryòd tan.

- Lè yon salklas ann antye oswa lekòl la fèmen, pwofesè yo ap fè leson adistans ak nan tan reyèl (ansèyman senkronik).
- Nan kèk ka, yon salklas ka fèmen an pati, kote se sèlman yon gwoup elèv nan yon salklas ki pral oblije ale nan karantèn epi lòt elèv ap kontinye ale lekòl anpèsòn.
 - **Elèv ki kapab ale lekòl anpèsòn** ap kontinye resevwa enstriksyon regilye anpèsòn.
 - Elèv ki oblije ale an karantèn ap gen aksè nan materyèl ansèyman (asenkronik) nan salklas dijital yo.
 - Elèv ki oblije ale an karantèn yo pral kapab tou kominike andirèk avèk pwofesè yo pandan lè biwo yo espesifye. Elèv pa oblije ale nan lè biwo yo epi yo ka kontakte pwofesè yo pou kesyon si yo pa kapab kominike nan lè biwo yo. Pandan lè biwo sa yo, pwofesè yo ka ofri leson patikilye endividyèl oswa an ti gwoup, tcheke devwa, epi reponn kesyon elèv yo.

Nan jou eleksyon—**Madi 2 novanm**—bilding lekòl yo ap fèmen, men elèv ap resevwa **travay pou yo fè lakay yo**.

Chèche èd

Enskripsyon

Ou toujou bezwen yon lekòl primè oswa lekòl presegondè pou pitit ou a? Jwenn nan ki zòn/sektè lekòl ou abite nan [schoolsearch.schools.nyc](https://www.schoolsearch.schools.nyc.gov) epi kontakte lekòl la dirèkteman pou enskri. Ou pa gen yon lekòl zòn/sektè? Voye yon imèl nan ESEnrollment@schools.nyc.gov (pou klas K–5) oswa MSEnrollment@schools.nyc.gov (pou klas 6–8) ki gen non pitit ou a, dat nesans li, klas l ap fè, ak adrès li.

Si w poko resevwa yon òf 3-K oswa pre-K, ajoute pitit ou a sou lisdatant pwogram nan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov); pa gen limit nan kantite lisdatant ou ka antre ladan yo! Si yon pwogram ka ofri pitit ou a yon plas, y ap kontakte w dirèkteman.

Aksè nan lang

Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon oswa kominike avèk lekòl pitit ou a nan lang ou. Si oumenm oswa yon moun ou konnen bezwen èd, fè direktè oswa kowòdonatè paran lekòl ou a konnen, rele DOE nan **(718) 935-2013** oswa voye yon imèl nan Hello@schools.nyc.gov. Ou ka jwenn plis enfòmasyon ak resous enpòtan, ladan Gid paran pou aksè nan lang, nan schools.nyc.gov/hello.

Kowòdonatè paran

Kowòdonatè paran nan lekòl pitit ou a ka ede ou aprann plis sou pwogram ak resous lekòl la, ranpli fòm enpòtan yo, epi travay avèk direktè lekòl la pou reponn nenpòt enkyetid ou ka genyen. Ou ka jwenn enfòmasyon pou lekòl pitit lè w itilize zouti Find a School: schools.nyc.gov/find-a-school. Enfòmasyon pou kontakte kowòdonatè paran yon lekòl nan paj chak lekòl anba Enfòmasyon Jeneral.

Sipò pou teknoloji

Nan ane ki sot pase a, DOE te distribye plis pase 500.000 aparèy aprantisaj dijital epi yo gen pou distribye plis toujou. Fanmi ta dwe travay avèk lekòl yo pou asire pitit yo gen aparèy ki mache pi byen pou yo a.

Pou enfòmasyon sou aparèy, ladan kòman ou kapab fè repare yo ak ki jan pou retounen yo nan DOE, tanpri al gade sitwèb DOE a: schools.nyc.gov/DOEdevices.

Pou antre (login) nan sitèm DOE yo, ladan Zoom, Google, ak lòt platfòm aprantisaj, chak elèv gen yon kont OneAccount4All (kont DOE): schools.nyc.gov/studentaccounts.

Fanmi ki bezwen èd teknik dwe ranpli fòm sou entènèt la nan nycenet.edu/technicalsupportforfamily oswa rele biwo Help Desk nan **(718) 935-5100** epi peze opsyon 5.